2022 АНЗ – УÆРÆСЕЙ АДÆМТИ КУЛЬТУРОН БУНДАЙРАДИ АНЗ

# Царди айдæнæ

Газет «ДИГОРИ» сæрмагонд уæлæфтауæн

№2, 29 апърел, 2022 анз. 0+



## ФАРНИ ÆНÆГЪÆНÆ ДОГÆ Æ ХÆЦЦÆ РАЙЕВГЪУДÆЙ...

Аци гъуди нæ зундгонд ахургонд Мамиати Изетæ загъта, æрæги нæ номдзуд поэт æма æхсæнадон архайæг Хъодзати Æхсари номерæнæн æрæги ци уац ниммухур кодта, уоми. Еуемæй раст æй – Ходзати Мæхæмæти фурт Æхсарæ нæ Иристонæн, нæ еугур дзиллæн дæр æцæгæйдæр фарнæхæссæг адтæй, удуæлдайæй хъиамæт кодта нæ Фидибæсти уодварни сæрбæлтау. Фал уой хæццæ ба Изетæ раст нæй уомæй, æма Хъодзайфурт æ уæлзæнхон цардæй рахецæн угæй, æ хæццæ е 'носон дуйнемæ райевгъудæй фарни æнæгъæнæ догæ. Нæ, нæ райевгъудæй, умæн æма еци фарни æ берæ удуæлдай хъиамæттæй байзадæй махæн, нæ Иристони дзиллæн, æма цæрдзæнæй фæлтæрæйфæлтæрмæ. Æма ин æ рохс ном арфиагæй имисдзæнæнцæ. Абони 'й мах ба имисæн умæ гæсгæ, æма 28 апърели æ райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи (1937-2021). Æма уой фæдбæл æрмæгутæ мухур кæнæн нæ газети абони сæрмагонд уæлæфтауæн рауагъди 3-аг æма 7-аг фæрстæбæл.



*Аци хузæ искодта искурдиадæгин хузæгæнæг КЪЕСАТИ Марат, хуннуй «Фидтæлтæ æма цæуæт». Æвдист цудæй, Цæгат Иристонæй рацæуæг хузægæнгутæн Санкт-Петербурги æрæги ци аллианзон равдист арæзт æрцудæй, уоми. Аци равдисти туххæй æрмæг кæсетæ 4, 5-аг фæрстæбæл.*



## «АДÆМИ ЗÆРДÆМÆ ЦИ НÆ ЦÆУЙ, УОЙ КÆНУН НЕКÆД ГЪÆУЙ!..»

Берæ бæрнон бунæтти фæккустон. Адтæн Алагири районi газети редактор, облæстон партион скъола фæууни фæсте, цалдæр анзи кустон Алагири райкоми партий Цæгат Иристони обкоми пропагандæ æма агитаций хайади хецауи хуæдæййевæгæй, газет «Рæстдзинад»-и редакторæй. Берæ æнзти дæргъи адтæн Цæгат Иристони радио æма телеуинунади паддзахадон Комитети сæрдар. Еугур еци хабæрттæ мæхе æстауни туххæй нæ дзорун, фал умæ гæсгæ, æма, берæ равгитæ мин угæй, кедæрти хузæн си некæд испайда кодтон мæхецæн, мулкдзæстæ некæд адтæн... Фуси комæй халæ дæр некæд раластон, мулдзугути зæрдихудти некæд бацудтæн, æстдæс анзи санатори ци æй, уой зонгæ дæр нæ кодтон. Еу рæстæги санаторимæ бахаудтæн (партион косгутæн хецæн санаторитæ адтæй). Нæ рæзти цалдæр силгоймаги æруадæнцæ æма утæ бакодтонцæ: «Мæнæ ами улæфунцæ партион господатæ». Уæдæй фæстæмæ санаторимæ æнгæрон дæр некæдбал бацудтæн. Уæдæй фæстæмæ мæ зунд искарста: «Адæми зæрдæмæ ци нæ цæуй, уой кæнун некæд гъæуй!..» Утæ загъта кæддæр æ интервьютæй еуеми Æгъузарти Æхсарбег, нæ Иристони номдзуддæр адæймæгутæй еу. Æма æ загъд æруагæс кæнуй, ка 'й зудта, унæй сæ еугуремæй дæр. Æцæгæйдæр фæццардæй – фæккуста рæстзæрдæй, æновудæй лæггадæ кодта Иристони хуарзæн, нæ адæми фарни сæрбæлтау. Æма ин абони зæрдиагæй имисæн æ рохс ном – æрæги, 21 апърели æ райгурдбæл исæнхæст æй сæдæ анзи (1922-1994). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 2, 6-аг фæрстæбæл.

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria


*Æгъузарти Æхсарбег сæ мугкаги кувди дзубанди кæнгæй.*

# КУРДОНИ ФУРТ



**ÆГЪУЗАРТИ Саукуй,**
**(1943-2013)**
**финсæг, публицист**

## ТÆТÆРХЪАН УОТÆ ЗАГЪТА...

Уардта. Фæлмæн æртæхтæ æмбалдæнцæ зæнхæбæл æма е ’донуг саста. Инод бæнтти фæсте æртæхтæ кæрæдзей фæдбæл лигъдæнцæ, цума ка хуæздæр ракафа, уобæл сæхе гъардтонцæ, цума ериси бацудæнцæ. Бадтан дууемæй – Тæтæрхъан æма æз.

Уæд ма æригон адтæн, журналистики мæ фиццаг къахдзæфтæбæл кеугæ цудтæн. «Рæстдзинад» мин æ тæрттæ байгон кодта æма ин мæ бон куд адтæй, уотæ фудæбон кодтон.

Нур дæр Алагирмæ циуавæрдæр гъасти фæдбæл æрцудтæн æма не ’рвадтæлтæмæ фездахтæн. Уой размæ Тæтæрхъани кой игъосгæ ци фæккодтон, æндæр æй цæстæй некæд фæууидтон. Ку æй фæууидтон, уæдта мæ гъудий февзурдæй: «Æхсарæ, æ хестæр фурт – æ фиди хузæн, дæлвæд-уæлвæд си нæ ниууагъта...»

Æ устур сау цæститæй мæн æрдæмæ æрбакастæй, æ фæллад цæсгонбæл медбилхудт фæззиндтæй, æ домбай армитъæпæн мæ уæрагбæл æрæвардта, фæлмæн гъæлæсæй загъта:

– Уаруй, зæнхи сойнæ уаруй. Æвзартæ сæхебæл куд æмхузонæй исхуæстæнцæ. Æдонуг адтæнцæ, мæгур...

Цума нур æ къæхтæбæл ка рауадæй, уæхæн сабийтæ адтæнцæ, уоййау сæбæл гъар зæрдæй бауозæлдæй фæсауонмæ, берæ рæстæг гъосæй фæллæудтæй. Ка ’й зонуй, цæбæл сагъæс кодта, уæдта, æппунфæстаг, мæн æргъуди кодта:

– Сахари рагæй цæрис?

– Цалдæр мæйи.

– Æма дин унгæг адæ нæ кæнуй?

– Кæнуй, зин цæрæн æй сахари.

– Дæ гъуддаг раст. Гъæуи берæ ка фæццардæй, е цума сахари нæбал исфедаудзæнæй...

Дæ цæститæбæл нæ гъазуй: æз – Тæтæрхъан Æгъузарти, æнзти уæзæй ка фæттастæй, еци хæрнæгъ курдон сахари берæуæладзугон хæдзарæй кæсуй æма уаруни кафунбæл цийнæ кæнуй. Гъе, Æхсарæ, хестæр биццеу, сахарæй дæлæмæ нæбал цæуй, æхсгæ уад ци æркæнуй, æндæр. Æхе байефтигъта æфсойни буни, гъæуи нæбал федауй, сахари лæг бацæй. Ахид æмбæлетæ?

– Æмбæлæн. Нур дæр мин е загъта, махмæ фездæхæ, зæрæндтæбæл бацийнæ кæнæ, зæгъгæ.

– Уой ин фæдзæхсун алкæддæр: муггагбæл дæ хуæст ма уадзæ, дæ бон ци æй, уомæй байагъаз кæнæ хеуонæн дæр, æцæгæлонæн дæр. Уæд дæ адæм нимайдзæнæнцæ, уæд адæми лæг уодзæнæ...

Уалинмæ Басион, Тæтæрхъани цардæмбал, нæ уæлгъос æрбалæудтæй, цæттæ адтæнцæ æхцинтæ æма къудурфунх карк...

Цæмæн æримистон еци идард сæрдигон бон? Магъа, мæхуæдæг дæр ин неци зонун. Фал æрæги, идзаг æма нард финги уæлгъос ку бадтæн, уæд мин ме ’рдхуард уотæ зæгъуй:

– Æгъузарти Æхсарбеги Иристони ка нæ зонуй, уæхæн лæг, æвæдзи, нæййес. Зонунцæ ’й æ киунугутæ, æ кинотæй. Нæ ’й зонунцæ æндæр хузи: куд адæймаг адтæй, циуавæр зæрдæ хаста æ реуи?

– Нæ дæ бафæндæуидæ уой туххæй дæ имисуйнæгтæ ниффинсун?

– Цæмæннæ мæ бафæндæуидæ?

– Мадта ниффинсдзæнæ?

– Ниффинсдзæнæн!

## МУГГАГИ СÆРБОНС

Финсун мæ зингхуст æрвади туххæй. Æцæг ме ’рдхуарди фæндæмæ гæсгæ нæ, фал мæхе зундæй, мæхе гъудийæй. Уомæн æма æз, æ тог æма е ’стæг, æ кæстæр, гъæуама зæгъон нæ муггагæн нин кадæ ка искодта, æ цард–цæрæнбонти, Тæтæрхъани загъдау, æхе æфсойни буни ка байефтигъта æма къобор галау ка фæккуста, еци Æхсарбеги туххæй. Зæгъон, кенæ ба ку нæ зæгъон, уæд цæрæнбонти мæхебæл мæ зæрдæ ходдзæнæй.

Æма мæ еугурей фиццаг цæмæй райдайун фæндуй, е – Баблей имисуйнаг. Бабле ка ’й, фæрсетæ? Дзбойти Батæрбег, нæ киноаразгути фæлтæри минæвæртти хестæр. Берæ æнзти фæккустонцæ еумæ. Уартæ нæмæ телеуинунадæ финддæс æма инсæй анзей размæ ку фæззиндтæй, Æгъузарти Æхсарбег ба си сæрдар ку адтæй, уæд Бабле дæр æ фиццаг къахдзæф уой фæрци ракодта, е имæ бадардта æ федар къох.

Имисуй Бабле:

– Киной хабар нæмæ раст кинойау рауадæй. Цæветтонгæ, Цæгат Кавкази дæр исфæндæ кодтонцæ студи исаразун. Еци фæндæ, фиццагидæр, мах лæгмæ фæззиндтæй (гъома, Æхсарбегмæ), фал куд фæззæгъунцæ, гъавæгæй лæборæг фæрраздæр уй фулдæр хатт. Расул Гамзатови гъостæбæл ку 'рцæуидæ, аййевадон киноти студи, дан, аразунцæ æма ’й цæмæй Дагестани искæнонцæ, уой туххæй Мæскумæ ку ниффинсидæ. Дæумæ ка на байгъоса, уæхæн лæг, дан, нæ бæсти сæйраг сахари нæ разиндзæнæй. Ниффинста. Байгъустонцæ имæ. Фæндæ рахастонцæ: Дагестанæй хуæздæр бунат некæми ес. Уой дин нæхе лæг фегъоса! Тæрæг бæхæй Мæскуй балæудтæй, уæди паддзахадон радиой æма телеуинунади сæрдар Лапини косæнуати исмедæг æй. Æрдхуæрдтæ адтæнцæ, кæрæдзей хуарз лæдæрдтæнцæ. Ци дзубанди сæмæ рауадæй, уой æз нæ зонун, фал дин Æхсарбеги хæццæ æртиккаг бон иуазгутæ ку исæуиуонцæ. Ракæсæ-бакæсæ кæнунцæ, ракъуæрæ-бакъуæрæ, фал сæ нæхе лæг æрдзи гъæбесмæ ку фæлласта, бор фезонæг æма сæмæ бадт арахъæй дзæбæх ку фæккастæй, уæд æгириддæр гурусхæ некебал кодта къамиси иуонгтæй: Иристонæй хуæздæр бунат аййевадон кинотæ аразунмæ Кавкази нæ, фал еугур зæнхи цъарæбæл дæр нæбал адтæй!

Гъе уотитæ, мæ лимæн лæг! Ирон киноти бундорæвæрæг æма исфæлдесæг Æгъузарти Æхсарбег æй, мæрдти рохс дзенети бада. Расул Гамзатов ба хуæрди бунати байзадæй, фал цума нæхе лæгбæл æ зæрдæ нæ фæххудтæй, уотæ мæмæ кæсуй...

## «СОСО ЛÆГ АДТÆЙ, ЛÆГ!..»

Финсгæ куд кодта? Зинтæй. Æ къох – сахъат æма коммæ нæ кастæй. Æ цардæмбал Мадисæ бæргæ нецæбæл аурста, фал æй уæддæр машинисткæ агорун багъудæй. Дууæ-æртæ сахатти, цит, ке фæдздзоридæ, уой исредакци кæнидæ æма нæуæгæй – мухурмæ. Уотæ фондзавд хатти. Æ фæстаг роман «Хæххон доны уынæр» ку финста, уæд мæмæ телефонæй æрбадзурдта: «Хуарз машинисткæ нæ зонис? Рæстæг цæуй, гъудитæ – берæ, мухургæнæг ба нæййес!» Кедæр ин байамудтон. Фæстæдæр: «Романæн æ еу хай фæдтæн. Нæ ’й бакæсисæ?»

Еци менеуæг имæ рартастон: æ къохфинст еуцалдæремæн бакæсун кæнидæ, кæд уадзимисмæ феппайуйнæгтæ иссирдтайсæ, уæд бозæй байзайидæ, ку неци, уæдта – зæрдихудт. Мах ба цæйбæрцæ зонæн уæхæн финсгутæ: рафауæ 'й æма дæмæ топпи кæсæнæй ракæсдзæнæй, раппæлæ 'й æма æ уоди рæбуйнаг. Берæ агурдта æхецæй, берæ агурдта иннетæй дæр.

Еухатт мæбæл æ уайдзæф исæмбалдæй. Уайдзæф ба кодта гъавгæй, зæрдихудтæй нæ тарстæй, фал идæрдтæбæл æрзилдайдæ, уæдта æ зæрдæмæ ци нæ фæццудæй, уой дин фæлмæнæй загътайдæ. Мæн хæццæ адтæй æргомдæр, карздæр. Æма мин уотæ: «Дæ финст дин кастæн. Æрмæст Æгъузартаг лæги финст ке æй, уомæй дæр мæ зæрдæбæл цидæр гъар æрбамбалдæй. Мадисæ дæр æй кастæй. Уой зæрдæмæ фæццудæй, мæ зæрдæмæ – нæ.

Гъай-гъай, фæццудæй æ зæрдæмæ: силвазæ, силкъи финст кæнис æма силгоймаги зæрдæ балхæнунмæ ба æндæр ци гъæуй? Мæн ба уотæ фæндуй æма еци къæбæлдзуг, рæсугъд дзурдтæбæл ку фестурзæрдæ уисæ. Ду куд финсис, царди уотæ нæ фæууй. Цард къæбæлдзуг нæ – дирзæг æй, æгæр дирзæг æма мæнгард. Мæнгард æма дирзæг. Уотæ, уотæ...»

Еунæг хатт мæ зæрдæй раппæлдтæй. Æмбесæхсæвæмæ хæстæг адтайдæ, уотæ телефони дзæнгæрæг райгъустæй. Хætæл исистон – æма дин Æхсарбег. Фæрсуй мæ:

– Нæма бафунæй дæ?

– Нæма.

– Мæнмæ дæр хуссæг æмгæрон нæ цæуй... Еу уадзимисæй дин хуæрз минкъий скъуддзаг бакæсон æма ин æ автори базондзæнæ?

– Нæхе автортæй æй?

– Гъо, гъо, нæхе! Игъосæ.

«...И потом не всем нравятся ангелы. Есть и поклонники дьявола. И наверняка суждено мне всю оставшуюся жизнь поклоняться дьяволу в мундире генералиссимуса Иосифа Виссарионовича Сталина...»

– Ка ’й ниффинста?

Æз гъæрæй нихходтæн:

– Ка дæмæ ’й равардта?

– Газет мин мæнæ Мадисæ æрбахаста.

6

НÆКУСАТИ Наирæ, филологон наукити кандидат:
*«Ци æй æцæг, цардæгас поэзи? Адæймаг, айдæнæмæ кæсуни хузæн, æхе зæрдæй ку фæууинуй æ зæрди арфдæр сагъæстæ... Гъе уæхæн æй Хъодзати Æхсари поэзи...»*





# ДÆ ЗАРТÆН СÆ ФАРНÆ – ÆНОСТИ ÆМУÆЗÆ!..



**МАМУКЪАТИ Хъазбег,**
Уæрæсей фингсути Цæдеси иуонг

Студент ма адтæн, уæд базонгæ дæн Хъодзати Æхсари хæццæ. Æз – æстдæсанзиккон биццеу, е ба уæдмæ зундгонд поэт адтæй. Е ‘мдзæвгитæй мæбæл цидæр æнахур рохс ивулдæй, зæгъæн ес, æма поэзий нæуæггæнæн уоддзæф, æнæнгъæлæги метафорæти пурхæндæг.

Амидин мæ кодтонцæ, цæмæй æз дæр, нури уалæнгæ ци нæма адтæй, уæхæн нæуæг ести рафæлдесунмæ исарæхсон. «Мах дуг»-и редакцимæ имæ фиццаг хатт ку бацудтæн, æ къæбинети къæсæрæй, мæ къохи ме ‘мдзæвгити цалдæр сифи, уотемæй ку бахизтæн, уæд куддæр мæхе меднимæр истухстæн. Тарстæн, мæ фингситæ æ зæрдæмæ ку нæ фæццæуонцæ, уомæй. Фал мæмæ уæхæн хæлар цæстæй ракастæй æма ми нифс бауагъта. Ме ‘мдзæвгитæ ци нæ адтæнцæ, уой дæр ма мæмæ фæккастæнцæ... Рацæй-рабон æй, æма мин се ‘нккæтей дæр журнали ку ниммухур кæнидæ.

Цубурдзурдæй, базуртæ мæбæл басагъта. Æмæ айдагъ мæнбæл нæ дардта æ армæ. Еске цийнæбæл бацийнæ кæнунæн, дан, изæди зæрдæ гъæуй, фæззæгъунцæ, æма, Æхсарæ ци берæ хуæрзти бацудæй нæ литератури алли дзаманти хуæздæр минæвæрттæн, етæ сæхуæдтæ сæрмагонд радзубандий аккаг æнцæ.

Фиццагидæр, Устур Фидибæстон тугъди ка басугъдæй, еци фингсутæ æма поэтти уадзимисти æмбурдгонд «Хорзæй баззай, Ир!», уæдта Токати Алихан, Калоти Хазби, Кочисати Мухарбег æма æндæр искурдиадæгин фингсутæн ке рауагъта еци киунугутæ... Сауæнгæ нæмæ редакцимæ, поэзий тæвагæ кæмæ хъæрттæй, уæхæн лæхъуæн кенæ кизгæ йе ‘мдзæвгитæ ку ‘рбахæссидæ, уæд ибæл Æхсарæ хъæбæр зæрдеуагæй бацийнæ кæнидæ. Æртинсæй анзи ибæл ку рацудæй, уæд имæ мæ хæлар зæрдирахаст равдистон еу цубур æмдзæвги:

*Æфсæнау фидар фестæд де стæг,*
*Æрфæнау де ‘фсургъ сгъарæд тар!*
*Сахаты ‘хсай минутау фесты*
*дæуæн æхсай азы, Æхсар.*

*Сахаты цъыччытыл æрæздæхт*
*кæд де ‘взонг, Бобронау – сыгъдæг, –*
*Дæ фарны зарджытæн къæрццæмдзæгъд*
*кæны йæ уды арфы лæг.*

*Æхсар, ирон дзырды куырд кæй дæ, –*
*æнтæф бон басгуыхт суары дон.*
*Æхсар, æхсæрдзæны рыгæй дæм*
*æрттивæд арвæрдыны рон!*

*Æхсар, æхсай азы ма рухс тау,*
*зынг-тохы ма стайæд дæ арм!*
*Дæ зарджытæ, Сыгъдæг æрдузтау,*
*хæссысынц, æнусты æмуæз, фарн.*

Æхсарæ уæхæн дессаги æмдзæвгитæ æримисидæ, æмæ ин сæ ку бакæсинæ, уæд мæ зæрдæ фурцийнæй ниссæххæт ласидæ. Берæ ин бантæстæй æ исфæлдистадон хъиамæтти: фиццагидæр æ поэзи, уæдта прозæ, никки ба ма тæлмацтæ, иннæ уæхæн – публицистикæ.

Æхсарæ кæддæр е ‘мдзæвгитæй еуеми уотæ загъта: «Дунемæ кæсын мæ зæрдæ, мæ зонд, мæ цæстытæй...» Æма æцæгæйдæр уотæ ке адтæй, е ба бæлвурдæй бæрæг æй, æ поэзий, æ публицистики, е ‘хсæнадон архайди фæрци ин ци берæ лæгдзийнæдтæ бавдесун æнтæстæй, уомæй. Сæ еугуребæл дæр æнæгъæнæй æрдзорун бæргæ æнгъезуй, фал нур уæхæн фадуат нæййес, уомæ гæсгæ ба си зæгъдзæнæн еуей туххæй. Æ цæргæцæрæнбæнтти еци уодуæлдайæй хъазауат кодта нæ адæми удварни хæзнатæ багъæуай кæнуни сæрбæлтау.

Уæлдай сагъæссаг ба ин иссæй нæ маддæлон æвзаги ирисхъæ – бæлдтæй, цæмæй æ гъомусдзийнадæ еу фæлтæрæй иннæ фæлтæрмæ тухгиндæр кæна, цæмæй æ дууæ къабази дæр æмбарæ æма æмкадгинæй цæронцæ æма нæронцæ. Уой фæдбæл æй, кæддæр не ниффинста æма ахид дæнцæгæн ке ’рхæссидæ æхуæдæг дæр, æ еци æмдзæвгæ «Дигорон æвзаг».

Бакæсайтæ ’й – куд зундгин гъудитæ си райгъусуй:

*Сæууон æртæхы сатæг рухсæй дæу*
*ысфæлдыстæуыд, сæнтыстæ нæ уарзтæй.*
*Дæ дзырдтæ мын – дзындзытæ ‘мæ æргъæу,*
*куыд буц вæййын сæ тæмæнтæ,*
*сæ хъазтæй.*
*Мæ ныфсы уидаг, Уазайау мын лæуу*
*æнæцудгæ! Тъымы-тъыматы цъастæй*
*дæ фарн сыгъдæгæй абонмæ æрхастай.*
*Куынæ уай ды – мæнæн цæргæйæ нæу.*

*Хуыдуг дæ кодтой – райгуырдтæ-иу ногæй.*
*Дæу бахызта тыхгæнджыты æрдонгæй*
*Нæртон Нана, йæ бадæн уæд дзæнæт.*

*Дæ хурвæлыст æрвон зæлтæ куы хъусон,*
*уыдзынæн уæд Ирæф-донау æнусон,*
*уыдзæн цæлæт, нæ уыдзæни мæлæт!*

Хъодзати Æхсари туххæй мæ абони радзубанди цубургомау рауадæй, фал мæ зæрдæ дарун уобæл, æма мин рæхги фæуудзæнæй бæлвурддæрæй мæ гъудитæ зæгъуни равгæ. Зæгъун ба сæ æнæмæнгæ гъæуй, уомæн æма нæ дзиллæ гъæуама зононцæ æма син цитгийнаг уонцæ Æхсари хузæн рæстзæрдæ æма нæ Иристони сæрбæлтау хъиамæтгун лæгти.



ХЪОДЗАТИ Æхсарæ нæ интеллигенций минæвæртти хæццæ.

ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар

## ÆЗ ДЗЫ РАКУРИН...

ХЪОДЗАТЫ Æхсарæн

Зæронд фыд
æфсæнгуырд
мæнæн уыди.
Уый æндонæй,
æфсæйнаджы згæ гæппæлтæй
цы нæ сарæзтаид,–
зæды базыртæ æмæ
хæйрæджы цæстытæ дæр.

Йæ цуры-иу хъазыдтæн,
цымыдисæй кастæн
йæ къухты змæлдмæ.
(Абон дæр мæхи хæрын фæсмонæй, –
цæуылнæ бафæзмыдтон уыдон).

Афарста-иу:
– Цы дын саразон? И?
Кард, фæрæт? И?
Æви хъама? Æхсаргард?

Уыдон æнæнымæц уыдысты мæнæн,
æмæ сабыр, æнæдзургæ,
йæ разы лæууыдтæн.

– И? Уæд та уæрдон?
Дзыццайæн-иу дзы сугтæ
æрцæйласдзынæ хъæдæй...
Уæд та дын – машинæ?
Хæдтæхæг? И?

Æмæ арæзта,
æз æй нæ домдтон,
нæ дзы куырдтон, уæддæр.
Арæзта мæ зæронд фыд.

Æма тылдис йæ машинæ,
йæ уæрдон сугтæ ласта,
бæрзæндты тахт йæ хæдтæхæг.

Ныр дæр ма тулынц, ласынц, тæхынц
йæ къаннæг сабийæн...

Куы ма уаид
куы ма цæрид гъеныр мæ фыд,
мæ зæронд фыд:
уæд ын зæгъин,
æз дзы ракурин:

Сараз мын, зоныс, цы?
Сараз мын, Дада,
æндонæй,
болат æндонæй сараз мæнæн ныуæрттæ.
Æмæ, уырнæд уæ,
уый саразид,
дис нæ фæкæнид ахæм куырдиатыл,
саразид æнæмæнг мæнæн
ахæм ныуæрттæ.

Сыгъдæг æндонæй,
цъæх-цъæхид æндонæй,
хъандзал æндонæй
саразид
йæ хъæбулæн
ныуæрттæ.





Участники выставки в Санкт-Петербурге «Осетинская палитра на берегах Невы».

# КОЛОРИТ СЕВЕРНОЙ ОСЕТИИ ВОСХИТИЛ СЕВЕРНУЮ СТОЛИЦУ

«Осетинская палитра на берегах Невы» (2022) – шестая по счету выставка в рамках большого творческого проекта, в рамках которого художники, родившиеся в Северной или Южной Осетии и окончившие высшие художественные учебные заведения в Петербурге, знакомят зрителей с результатами поисков и открытий, которыми отмечен их творческий путь.

Представленные работы раскрывают не просто разнообразие видов и жанров изобразительного и декоративно-прикладного искусства, но и саму разностороннюю культуру осетинского народа в художественном пространстве Северной Столицы. Своего рода эпиграфом выставки вновь выступают тематические полотна, отсылающие к библейским или мифическим образам.

Это живописные произведения Евгения Абаева (1950-2019) – одного из активных помощников и участников проекта «Осетинская палитра на берегах Невы», соединившего в своей творческой и педагогической практике принципы академической и «мухинской» школы, и работы Чермена Гугкаева, Магреза Джиоева, Марата Каджаева, Сергея Секирина и Батраза Кучиева, участвующего на выставке также своими витражами.

Традиции живописной школы Санкт-петербургской Академии художеств поразному раскрываются у каждого из авторов. Это может быть монументальный по характеру образ-символ у Магреза Джиоева или исполненные барочной динамики полотна Мурата Кесаева.

Сдержанной первозданной силой наделены персонажи старинных преданий Марата Каджаева или многоплановый образ Сергея Секирина, построенный на переосмыслении сюжета Распятия. Своего рода торжественным величием, присущим полотнам на исторические сюжеты, отмечены и натюрморты-панно Александра Перепелицына.

Иную грань реалистической школы раскрывают работы Александры Хохоевой, где эффектным женским образам под стать богатая и мощная живописная палитра. В работах доцента кафедры живописи СПГХПА имени А.Л. Штиглица Эльвиры Тибиловой, являющейся инициатором и вдохновителем в организации этого интересного проекта наверное, окажутся особенно близкими человеку, родившемуся и выросшему в дождливом Петербурге и привыкшему к его сдержанной гамме, мокрому асфальту и бликующим отражениям зданий и светящихся окон.

Жанры пейзажа и натюрморта в экспозиции поддерживает живописная ком-


ЛОЗВАЯ (ЦОГОЕВА) Дзерасса. Бусы Северный олень.




ЯСЫЧЕНКО Павел. Лягушка.

*культур, языков, литературы, искусства. И изобразительное искусство призвано сыграть в этом процессе свою особую роль, ибо корнями крепко связано с народом, его бытом, культурой, традициями...»*







КЕСАЕВ Мурат. Последний путь Батрадза.





ГУГКАЕВ Чермен. Поверженный.



ПЕРЕПЕЛИЦИН Александр. Антоновка.

позиция Махарбека Тибилова и работы Елены Судаковой, выполненные в технике холодного батика.

Произведения Дианы Деканози тяготеют к формату своеобразного синтеза учебной поставки, принятой в «мухинской школе», и завершенного произведения, где автор исследует и испытывает образные возможности ключевых выразительных средств и приемов живописи. Свое прочтение тенденций искусства начала XXI века предлагает Сабина Газзаева в большеформатной минималистической композиции, выполненной в смешанной технике (нить, палочки).

Взаимодействие натурных впечатлений и пластическое их обобщение заметно и в скульптурных композициях Заурбека Дзуцева и в произведениях Алана Гобозова и Павла Ясыченко.

Декоративно-прикладное творчество Дзерассы Лозовой вызывает ассоциации с артефактами аланской культуры, где зооморфные мотивы заключают в себе эхо первобытных верований и обрядов.

В ряду работ, находящихся как бы на границе разных видов и техник искусства – графическая интерпретация Анны Кабоевой лермонтовского «Демона» и иллюстрация Кристины Хаймановой по мотивам фильма «Цвет граната» замечательного режиссера Сергея Параджанова.

Проект «Осетинская палитра на берегах Невы» (и нынешняя выставка вновь веско это подтверждает) имеет особую общекультурную, и, без преувеличения, общечеловеческую направленность. Ведь объединенные в экспозиции работы представителей разных поколений и школ, работающих в широком спектре видов, жанров и техник – отнюдь не обращенный к самому себе монолог автора, построенный на только ему понятной системе знаков и шифров, но подлинный культурный диалог участников выставки друг с другом и с ценителями искусства.

Язык искусства, стремящегося сохранить свою культуру живой и минимально ассимилированной глобальной цивилизацией, поистине универсален.

Мы испытываем ощущение благоговения перед возвышенным и вечным в изображениях евангельских сюжетов, героев Нартовского эпоса, преданий и притч, истоки которых теряются в глубине веков.

И это ощущение тут же сменяется умиротворенным спокойствием, рожденным созерцанием образов камерных, связанных с жанрами натюрморта, пейзажа или интерьера, или образцов ювелирного искусства, где нас восхищает мастерство авторов, уверенно справляющихся с решением самых сложных технических задач, требующих точного глаза и совершенного мастерства.

Нам не обязательно иметь исчерпывающее представление о сюжетах представленных работ, где многое связано с обычаями и традициями осетинского народа.

Однако не нуждается в развернутых словесных пояснениях сам мир образов, созданных участниками выставки, их неравнодушием к тому, что происходило в далеком и недавнем прошлом, что имеет место сейчас, и, возможно, определит наше общее будущее.

***Руслан БАХТИЯРОВ,***
***кандидат искусствоведения, член Союза художников России, сотрудник Государственного Русского музея, доцент СПГХПА имени А.Л. Штиглица, дипломант РАХ.***

**ХÆМИЦАТИ Албег, финсæг:**
*«Æгъузарти Æхсарбеги хузæн дуккаг лæг зин иссерæн адтæй. Æхсарбег адтæй дессаги искурдиадæгин цардаразæг. Уомæй æ фæсте ниууагъта æцæг лæги фæд...»*

# КУРДОНИ ФУРТ



Цæветтонгæ, Сталини еу рæстæг ку ниййазуймаг кодтонцæ, алли цъифкалæнтæ ку исахид æнцæ, æ хуарзи кой кæнун ин ку нæбал уагътонцæ, уæд мæбæл фиццаг журнали, уæдта газети ниффинстонцæ, гъома, цардæй фæстегæй байзадтæн, Сталин адæми 'знаг ке адтæй, уой абони дæр нæма базудтон, æппæлун æй æма уотæ идарддæр.

Мæн дзуапп дæттун багъудæй. «Махровый сталинист» мæ кæми исхудтонцæ, уоми мин мæ финст нæ рауагътонцæ, фал фæсевæди газет ба нæ фæттарстæй æма мæ уац ниммухур кодта. Æхсарæ ке бакастæй, еци рæнгъитæ дæр уомæй адтæнцæ.

Хумæтæги æхцæуæн ин адтæй!

– Хуарз син фæдтæ, хуарз. Гъенур ми баруагæс æй, де 'уæнгти æцæг Цæразони тог ке тæлфуй, е... Тæрсун нæ гъæуй, мах ба æгæр тæрсагæ ан.

– Ду дæр?

– Æз дæр, гъо. Мæ романтæй цалдæреми Сталини нихмæ исдзорунцæ мæ хъайтартæ.

– Дæ хъайтартæ дзорæнтæ, дæхуæдæг ци гъуди кæнис еци лæги туххæй?

– Аллихузон гурусхити бахаун, кæмидæрти æй фудгин дæр фæккæнун. Фал куд фулдæр цæрун, уотæ мæ зунди федардæр кæнуй еу гъуди: «Сосо лæг адтæй, мæлæт кæмæн нæййес, уæхæн лæг, æ фудкой ка кæнуй, етæ ба – цъифи золкъитæ. Нæ бæрзондибадæг хецауадæмæ бакæсай, еу дæр си бецъотæ нæ даруй. Æ ауоунæй дæр ин тæрсгæ кæнунцæ, саугæнгæ ма æ бецъотæй дæр. Мах ба бецъогин гъæуй, уомæн æма бæстæ исæфуй, сæрисæфæнæй рахаунмæ æй берæ нæбал гъæуй. Лæг нæййес, лæг. Сæрбонс нæййес, сæрбонс! Гъе, уотитæ, ме 'рвадæ. Æма син ду хуарз фæдтæ, хуарз. Кæд бафунæй уон, уæд – зæрдрохсæй. Дæ дзурдтæ мæ уоди ауиндзæнтæбæл байзадæнцæ...»

## ЗГИДИ Æ ЗÆРДÆ БАЙЗАДÆЙ

Муггаги кувд кодтан æма нæмæ кæд хестæртæ адтæй, уæддæр æнæ Æхсарбегæй размæ дæр нæ æма фæстæмæ дæр. Кæстæртæ 'й бафæрсиуонцæ:

– Нæ фæндæ дæ зæрдæмæ цæуй?

– Раздæр гъудæй кувд, фал нур дæр æрæги нæма 'й. Мæн фæрсетæ, æма уин мæ гъуди зæгъон: кæд æй кæнетæ, уæд æй искæнетæ нæ фиди къæсæрбæл. Мах фиди къæсæр ба æй Згид. Нæ фидтæл Згидмæ кутемæй бафтудæй, уой нæ зонетæ? Раздæр Нузали цардæнцæ. Æгъузартæмæ цауæйнон тикис адтæй, гъæддаг тикис, мæнæ барс ке хонунцæ, уæхæн. Еугур коми дæр æ кой игъустæй. Гъæдæмæ ку иссæуидæ, сирд æ разæй ку ракæнидæ, уæд æй гъæуама гъæумæ æхстбæрцæмæ æртардтайдæ. Æма еци тикиси, хицæ имæ ка кодта, еу уæхæн рамардта. Æгъузар ин нæ нихxатир кодта, рамардта æй, еу гъæуи ба тоггинтæн цæрæн нæ адтæй. Уæд еуафони нæ муггаги цауæйнон лæг Згидмæ бафтудæй, къулдунбæл æ фæллад исуадзунмæ саæдони рази æрбадтæй. Уалинмæ кæсуй æма уартæ саг æрбацæуй. Фехста æй. Фезонæг искодта, саугæдонæй баниуазта. «Уойбæрцæ сауæдæнттæй саг аци сауæдонæмæ дзæгъæли не 'рцудæй, дессаги хуæрзадæ дон æй. Цæй, уæддæр тоггин ку дæн, ами æрцæрон», – загъта цауæйнон æхецæн. Нузалмæ ниццудæй, хабар балæдæрун кодта æма Æгъузартæ æндæр цæрæнбунат байагурдтонцæ.

Æхсарбеги дзурдбæл исарази ан æма амистоли мæйи, нæфæразгæ адтæй, уæддæр æхе фæлласун кодта хуæнхтæмæ. Дессаг уомæ бакæсун! Æ цæстисуг нæбал урæдта, æ зекъæ æнæнцойнæй æзмалдæй, æ фиди фиди ихæлд къонамæ ку исхъæрдтæй, уæд дортæбæл ниддæлгоммæ 'й æма сувæллонау никкудтæй, æ армитъæпæнтæ, е 'нгулдзитæ гъар гъуна дортæбæл ристæнцæ... Кæддæр æрæгиау, игъæлдзæг адæм симди ку бацудæнцæ, Æгъузарти къулдун цийнæ æма амондæй е 'мидзаг ку бацæй, уæд Æхсарæ, мæнæй уæлдай æй куд неке фегъоса, уоййау ниллæг, саст гъæлæсæй загъта:

– Фæстаг хатт ма дæн Згиди æма мæхе уомæн нæ урамун.

– Цæмæн фæстаг хатт? Нурма берæ хæттити иссæудзинан нæ фиди къæсæрмæ, – зæрдитæ ин æвардтон æз.

– Ду гъо, æз ба нæбал... Мæ зæрдæ 'й лæдæруй, нæбал, нæбал...

Ме 'рвадæ раст загъта. Кæд ма цалдæр анзи рацардæй, уæддæр Згидмæ ба нæбал исæфтудæй. Еци рохс бон, еци цийнæй æфсес дзенети бон æ хæццæ æндæр дзенетмæ фæххаста, уод кæми нæбал тæлфуй, еци дзенетмæ...

## ЗУДТА СÆ НОМÆЙ – НОММÆ

Еу дессаги менеуæг имæ адтæй. Муггагæй еске фæгъгъудæй, Иристони къумти цийфæнди гъæуи дæр цæрæд, уæддæр, цæмæдæр гæсгæ, фиццагидæр, хабар Æхсарбегбæл исæмбæлидæ. Уæлдай рæстæг не 'взурста: фæнди сæумицъæхæй, фæнди изæригон, фæнди ба фæсæмбесæхсæвæ – æрбадзурдтайдæ унгæг гъæлæсæй:

– Рохсаг уæд... Еу минкъийдæр фæцæй нæ муггаг.

Ка фæззиан уидæ, уой цардвæндаг дин цубурæй радзурдтайдæ, æ фидæ, уой фиди фиди куд худтонцæ – ранимадтайдæ сæ. Дес ибæл кодтон: Æгъузартæ, Згидæй райдайæ, Дигорæбæл æрзелæ æма сауæнгæ Мæздæгмæ æртæ фондзинсæй хæдзаремæй фулдæр æнцæ. Сæ еугурей дæр зудта номæй-номмæ. Зæрондæй, æригонæй сæ гъуди кодта. Гæгъæди æма къариндас райсун кодтайдæ æма:

– Финсæ. Дигорай Барисæн фегъосун кæнæ, Алагири – нæхе Кимирленæн (уотæ худта æ кæстæр æнсувæр Кими), Згиди – Тайморазæн, Дур-Дури – Хъанамати фурт Лазæрæн, Мостиздæхи – Иванæн... Ами, сахари, Юрий, Маирбег, Роберт, Савелий, Виктор, Мишæ, ду дæхуæдæг, гъуддаг уæхемæ райсетæ. Русланæн загътон (æ еунæг фурт) æма автобуси мадзал бакæндзæнæй. Куд æнгъезуй, уæхæн æгъдау радтетæ, гъæуама нæбæл маке бахода...

Зиани фæсте дæр æрбадзурдтайдæ, кæмæн гъудæй, уомæн – арфæ, кæмæн гъудæй, уомæн – уайдзæф.

Муггагбæл куд æновуд æма федар баст адтæй, уомæн ма еу æвдесæн æрхæсдзæнæн.

Еу хатт, уæ фарнæ берæ уæд, нæ биццеу æрбасæйгæ 'й. Гъæуæй исдзурдтонцæ, тагъд рацотæ, сабий сахари сæйгæдонæмæ ласун гъæуй, æма мабал дзебæл кæнетæ, зæгъгæ. Еуæрдæмæ, иннердæмæ дзорæн – машинæ нæййес. Косгæ бон фæцæй, нурма ци киндæуа? Нæ хæдзаргæс мин уотæ:

– Нæхе Æхсарбегмæ нæ бадзорисæ?

Уæд «Мах дуг»-и кустон æма ме 'рвади хæццæ уотæ хæстæг нæма зудтан кæрæдзей, фал имæ уæддæр бадзурдтон.

Мадисæ ходæгау бакодта:

– Æхсари аци афони ами ка агоруй... Изæри фараст сахаттемæ æ кусти фæууй.

Бадзурдтон имæ. Хабар ин радзурдтон. Лæг батухстæй:

– Шофери футболмæ ку рауагътон... Барæнай, еуминкъий фæггæдзæ кæнæ... – Æвæдзи, кæмæндæр цидæр рафæдзахста, хæтæлæй дзурдтæ нæ игъустæй, фал æрæгиау ба уотæ:

– Æнгъæлмæ кæсæ, нуртæккæ машинæ сумахмæ уодзæнæй.

Уой фæсте сахарæй гъæумæ ку цудæй нæ машинæ, уæд шофер бахъурхъур кодта:

– Заманай футбол æма 'й кæронмæ ма фæууинæ...

– Кутемæй дæ иссирдта уотæ тагъд?

– Стадионбæл æртæ хатти радзорун кодта радиойæй: уæхæн лæг, дан, тагъд рацæуæд телестудимæ, æ хецау, дан, æй агоруй.

Фæстæмæ ку исæздахтæн, уæддæр нæ разæй фæцæй, гъома, кæд ести хуастæ гъæуй, уæд æфсæрми ма бакæнетæ.

Уæхæн уоди хецау адтæй Æхсарæ. Муггаг си – сæрбæрзонд, беретæн фæйнагъаз кæнидæ, беретæ æрлæудтæнцæ æ фæрци царди надбæл.

## РАНДÆ ДÆ, МЕ 'РВАДÆ...

Ци бон æй æрвистан е 'цæг дуйнемæ, еци бон адтæй уазал, гъизт, фал уæддæр хъæбæр берæ адæм æрæмбурд æй зианæн фæстаг хуæрзбон зæгъунмæ. Берæ цæстисуг ибæл фæккалдтонцæ, берæ гъарæнгитæ ибæл фæккодтонцæ. Æгъузартæн сæ астæуккаг цæгиндзæ никкалдæй æма нæ еугурдæр, устурæй-минкъийæй, фæрристан, фæгъгъигæ кодтан.

Изæрæй хисти фингитæ ку бафснайдтонцæ кæстæртæ, адæм сæ фæрнуг хæдзæрттæмæ ку райевгъудæнцæ, уæд æз дæр фæлладæй, рист зæрдæй мæ гъар уати нифинстон, Æхсари марди уæлгъос лæугæй цæбæлти гъуди кодтон, уони. Кæддæр ма сæ мухури рауагътон, фал ма сæ еу хатт хæссун адæми рæнгъæмæ:

«Нур нæбал дæ, курдони фурт, æма дин ци кæнон? Дæхуæдæг ма уæлæбæл дæ, де 'фхуæрд уод ба фæттахтæй, Салугæрдæни уæлмæрдти балæудтæй, дæ фидæ Тæтæрхъан, дæ мадæ Басиони цирти дортæ ниххуастæй: «Бауадзетæ мæ. Уæлæбæл дуйней мин бунат нæбал ес æма дуар бакæнетæ. Ацал-ауал анзи уæмæ мæ билицъæрттæ ку хуæрун...»

Нæбал дæ... Æгæрон удæй догъи фæууадтæ æма дæ уод, дæ зæрдæ нæбал бафæразтонцæ, аци ихæлд, расугдуйне æй гæркъай хурфи рауагъта. Аци мæнгæ дуйне ин уæнгæли адæ искодта...

Рандæ дæ, ме 'рвадæ... Нури уæнгæ адзалæн мадзал некема иссирдта.

Цо, фал еу каст ку ракодтайсæ фæстæмæ, уæд фæууидтайсæ: де 'знæгтæ, дæу афонæй раздæр мæрдтæмæ ка барвиста, етæ хисти фингæбæл уæллæй рабадтæнцæ, сæ цæститæ цæхæртæ калдтонцæ, уотемæй хæлæфæй – сæ хуæрдæ, сæ ниуæзтæ... Цæмæ бæлдтæнцæ, е æрцудæй, æма цийнæй мæлунцæ...

Нæбал дæ, курдони фурт. Дæ фæсте ниууагътай рист зæрдитæ, дæ тог, де 'гъæстæ, дæ киунугутæ æма берæ-берæ цæстисугтæ.

Рандæ дæ, ме 'рвадæ, æма рандæ уо. Фал кумæфæнди ку цæуай, уæддæр нæ хæццæ байзайдзæнæ æма де 'нкъард цæстингас нæ фæдбæл ауонау зелдзæнæй...»

## ЦИРТДЗÆВÆН

Сахари сæрмæ, Иристони дзиллæ сæ хуæздæр хъæболти кæми нигæнунцæ, еци уæлмæрдти бæрæгдæрæй зиннуй уорс мраморæй конд циртдзæвæн. Е æй ме 'рвади циртдзæвæн, Цæгат Иристони адæмон финсæг Æгъузарти Тæтæрхъани фурт Æхсарбеги циртдзæвæн. Æ конд, æ медес – еугурæйдæр æ фурт Руслани æргъудиконд. Дорбæл скульптор дæсни равдиста финсæги сорæт, æ меддуйне, æ зæрдирахаст.

Æхсарбег æ цæстингас исараста хуæнхтæмæ, Уæллагири хуæнхтæмæ, æ фиди къона Згидмæ, æма дес кæнуй аци мæнгæ – удæгас дуйнебæл, аци æрцæугæ æма æнæрцæугæ цардæйиевæнтæбæл...

*1997 анз.*

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

# «Æвзонгæй зæрондмæ ныфсытæ фæхастон мæ уды рæбыны...»

Кадæ æма ном искæнунбæл, æхе равдесунбæл ка тухсуй, е поэт нæй: барæ-æнæбари фертæсуй æ сæйраг гъуддагæй – удоуæлдай фудæбонæй. Цардæгас поэтæн кадæ – æ марæг.

Поэти куст – уедæгти куст: дæлзæнхбæсти, мæйдар дуйнейи еунæг усмæ дæр æнцойнæ нæ зонунцæ, сæ листæг антеннæхуз кæрæнттæй саумæри змæлунцæ, сгарунцæ, агорунцæ, зæнхæй цъирунцæ сойнæ æма æндæр цæрæнхуастæ. Сæхе равдесуни барæ сæ нæййес, нæ сæ евдæлуй, нæ сæ гъæуй. Сæхе равдистонцæ, саумæрæй фæццох æнцæ – сæ адзали къахбæл ниллæудтæнцæ.

Уедæгтæн сæхе нæ уинæн, уинæн син айдагъдæр сæ кусти бæркад – хæмпос дедендгутæ, донгин рæзæ, сонгун муггæгутæ, нæуæг цъæхснаг къалеутæ.

* * *

Поэти хæццæ æмгуст кæнунцæ æ дзурдтæ...

Поэт фиццагидæр æдзинæг фæккæсуй æ дзурдтæмæ. Сæрæй къæхтæмæ сæ рартасуй: ка 'нцæ, куд æнцæ уиндæй, кондæй, иуæнгти рахастæй, федауцæй?

Уæдта сæмæ фегъосуй лæмбунæг: сæ цъухиуагæ, сæ унæр, сæ зæлтæ-муртæ циуавæр æнцæ? Фæрсæй-фæрстæмæ сæ райвæруй: ка си ке хæццæ федауй? Ку багъæуй, уæд син раййевуй сæ бунæттæ.

Уойфæсте син бавзаруй сæ тухæ, сæ нифс, сæ дзийнæдтæ, сæ миутæ, нæртон Батрадз æ фиди хуæцæнгæрзтæ – уарт, арц, кард – куд æвзурста, уотæ.

Тугъдмæ кенæ спортивон ерристæмæ æфсæддонтæ-богæлттæ куд æвзарай, уотæ æвзаруй – фæлваруй поэт дæр дзурдти.

Лæгæвзарæн – лæгæвзурст... Дзурдæвзарæн – дзурдæвзурст...

Неци си ес уæлдай.



* * *

Циу адæймаг? Уæрæх денджызы – уылæн.
Куы сысты уад, ыслæууы уæд уырдыг.
Дзыназгæ-ниугæ бахæссы йæ урс сæр
быгъдæг былмæ, йæ дзæхст фæцæуы
хуыртыл.

Циу адæймаг? Æгæрон фурды – сау мал,
æрдæгфынæй, йæ мидæг та – хæйрæг.
Лæууы æдзæмæй, царды хъæр нæ хаты.
Йæ уæлцъар – ирд, хуыдалынг та – йæ бын.
*2019.11.06*

## АРАББАГ ÆМБИСОНД

Поэты бафарстой:
– Цы у иунæгдзинад?
Уый дзуапп радта:
– Адæмы 'хсæн куы уай, уæд уый.
Стæй поэт радзырдта йе 'мдзæвгæ:
«Куыд бирæ сты адæм!» – уæ ныхæстæ
хъуыстон.
Рæдийут, мæ хуртæ – сты адæм хæрз цъус:
Нæ мæнгард дунейы фæцардтæн æнус,
Фæлæ дзы лæгау лæг нæ федтон,
зæххыстæн.
*2018.23.10*

## ТРАМВАЙЫ

*(Арти Парнмæ гæсгæ)*

Ацы æвзонг чызг мын хъазы мæ удæй:
чиныджы аныгъуылд, раст цыма фурды.

Чиныг ныббуц и – ысчындис ын кад:
чызджы уæрджытыл уæлгоммæ ныххауд.

Чиныджы иннæ сыф, рафæлдæх, цæй, –
чызджы цæстытæн æнæ фенгæ нæй.

Цæнгтæ та, цæнгтæ… Зæды цæнгтау – урс.
Кофтæ, цъæх кофтæ – сæ рухсæй ныррухс.

Ноджы йæ зæнгтæ… О, дис, о, тæмæс! –
бонæй-æхсæвæй сæм кæс æмæ кæс!

О, фæлæ цæстытæ… Скæсут-ма, цæй!
Цавæр у – хай уын куынæ и цæстæй!

…Трамвай æрлæууыд. У хизгæ мæнæн.
Хуры цæстытæй æнæхай фæдæн.

Сагъдауæй стыр уынджы зæхмæ кæсын.
Чи дæн, кæм дæн, зæгъгæ, зæххы фæрсын.
*2017.10.09*

## СЫФТÆРЫ МÆЙ. СÆУМÆРАЙСОМ

Бонвæрнон та фарн æрхаста:
дуне бахуызæнæн, худы.
Мæргъты цинбазыр хъæрахст та
тайæнтæ кæны мæ удыл.

Ехх, куыд уæм мæлын хæлæгæй,
о мæ базырджын хæлæрттæ!
Уемæ балцыты хæтæгæй
басгуыхид, бæргæ, мæ зæрдæ.

Зарут, мæргътæ, – цъалхæй-малхæй,
хъуысæд мин азты уæ зарæг!
Ис уæ алкæмæн йæхи 'взаг.
Стут тæхудиагдæр махæй:
нæй уын уе 'взæгтæм æвзидæг,
нæй уæ рухс хъæлæстæ марæг.
*2018.22.05*

## ЗНÆГТÆ

*Знæгтæ мын кæй ис,*
*уый мын æхсызгон у.*
Албин Цоллингер

Табу Хуыцауæн: ис мæнæн ызнæгтæ.
Æгайтма ис. Нæ сæм дæн æз фыдæх.
Куыд хорз кусынц сæ разагъды æвзæгтæ! –
фыдгойтæ, даутæ, каколатæ – хæрх.

Нæ дæн сæ хуызæн – уый у, уый сæ марæг!
Кæнынц, кæлмытау, тар къуымты
сыф-сыф.
Ысхиз, мæ хур, дæ цъымарайæ, саулæг.
Цы мыл æппарыс уæлбылмæ дæ цъыф?

Куы йæ уыныс, нæу ницыхъом дæ
«гаппар»,
дæхи сæрыл куы фæцæуы йæ тъæпп.
Дæу хуызæн æз нæ уыдзынæн, о, бамбар!
Цы дыл æрцыд – мæстæй куы хауыс
тъæпп?..

Табу Хуыцауæн: ис мын, ис ызнæгтæ, –
рæстырдæм мын фæамонынц фæндæгтæ.
*2019.25.03*

* * *

Кæддæр Хуыцаумæ уыди Дзырд.
Фæлæ Хуыцауыл сайд æрцыд:
Дзырды 'фсон сау хæйрæг фæзынд,
уæларвæй адæммæ æрцыд,
ыспаддзах ам Фæлитой-Дзырд.
Æлгъаг митыл уыд иблис ахуыр.
Кæсынц гæлхуыр удтæ йæ коммæ:
тæры сæ дойны фосау донмæ
æмæ… Æнæ донæй сæ здахы.
Цæрынц… Дæлимоныл æууæндынц.
Кæуынц… Сым ыскæнын нæ уæндынц.
Кæнынц Мæнг Дзырдæн арфæ, цыт…
Ай-гъай, нæ сæфты дуг æрцыд.
*2018.09.05*

## БОНЫЦЪÆХТÆ КАРЦАЙЫ

Бонвæрнон-фарнхæссæг арвæй
дунемæ худы.
Булæмæргъ тархъæды тарфы
бацыд йæ удæй:
дисы æфтауы йæ зард,
бæстæ йæ зардæй æрцард.
Арфæтæ стъалы 'мæ маргъæн:
рухс дзæнæт сарæзтой махæн.
*2018.16.07*

## ДЗЕДЗЫРОЙ

Уæлæ халон фæтæхы.
Дзедз æмæ дзедз…
Ирон фольклорæй

Дзедзырой куы басгуыхтæ,
о бецау, мæ зæрдæ:
цас ныфс хъæуы, цас тыхтæ
Рæстæджы тæссæртты!

Кæн дыууæрдæм хъеллæуттæ:
барыс, мæйтæ, азтæ,
Рæстæг цыма де 'рлæудæй
нал ацæудзæн размæ!

Раст цыма йæ фыдвæндтæ
бауæнддзæни махыл…
Дары нын хъыцъыдæттæ,
сау уæрмытæ къахы.

Дзедзырой, нæ Рæстæгæн
фидæм мах йæ хъалон.
Дзедзырой, мæ рæстзæрдæ…
Дзедз… Фæтæхы халон…
*2018.21.05*

* * *

Æвзонгæй зæрондмæ ныфсытæ фæхастон
мæ уды рæбыны. Ныр дæр ма хæссын.
Цыппарыссæдз азы æнхъæлмæ фæкастæн
кæмæдæр, цæмæдæр. Ныр дæр ма кæсын.
Ныр дæр ма кæсын æмæ дисæй мæлын:
цыппарыссæдз азыл куыд ахæссыд фын!
*2019.13.06*

## МÆ ЦАРД

*Цард хæлæгæй нæу.*
***Ирон æмбисонд***

Цард мын нæ уыди хæлæгæй.
Цард мын уыди:
Æнайы хъæбысы
рæвдыдæй,
æвыдæй.

Цард мын нæ уыди хæлæгæй.
Цард мын уыди:
æгъатыр æнусы
мæ уарзты хæрзфынтæй,
фыдохы æрцытæй.

Цард мын нæ уыди хæлæгæй.
Цард мын уыди:
нæ фидæны охыл
фыдлæгтимæ тохæй.
Куыд бастадтæн, оххай!

Цард мын нæ уыди хæлæгæй.
Цард мын уыди:
тыхст æмæ уырдæй,
рыст æмæ рæдыдтæй.

Цард мын нæ уыди хæлæгæй.
Цард мын ыссис:
æрхæндæг-æрхуымæй,
зæронды гуым-гуымæй.
*2018.09.05*

**РЕДАКЦИЙÆЙ.** *Нæ зæрди ес нæ газети хæстæгдæр номерти ба Хъодзати Æхсари публицистикон уацтæй кæцидæрти ниммухур кæнун, уомæн æма си ци гъудитæ зæгъуй, етæ ахсгиаг æнцæ абони дæр.*

**Нæ рагфидтæлти зæгъдтитæй:**
*«Раги къода робасбæл худтæнцæ сирдтæ. Уæд сæмæ е æхе фæззилдта æма син зæгъуй: «Гæрр, æма æ каййестæмæ ци лæг цæруй, уомæй ходуйнагдæр дæн?..»*



# НÆ АДÆМÆН БЕРÆ ХУÆРЗТИ БАЦУДÆЙ, Æ КУЛЬТУРОН ÆМА ИНТЕЛЛЕКТУАЛОН ЦАРДИ РАЙРÆЗТИ ИН УСТУР АГЪАЗ ФÆЦÆЙ



Финддæс æма фондзинсæй анзей размæ (1907 анзи 26 апърели) Уæгъдебарæ-Киристонгъæуи (нур – сахар Дигора) фиццаг æхсæнадон киунугæдони правлени, сæрдареуæг си саугин Цæголти Александр кодта, уотемæй Всеволод Миллери исæвзурстонцæ киунугæдони æ цæргæ-цæрæнбæнтти кадгин иуонгтæй. Уоййасæбæл ке исцитгин кодтонцæ, еци адæймаг æцæгæйдæр уæхæн намуси аккаг адтæй – е берæ хуæрзти бацудæй нæ адæмæн, нæ цардиуагæ æма нæ монон културæ наукон гъуддагæй исбæлвурд кæнунбæл æновудæй байархайгæй. Уой туххæй ма кæддæр финстан нæ газети, фал ма уин уæддæр еума хатт уæ зæрдæбæл цубурæй æрлæуун кæнæн æ цардвæндаги хабæрттæ.

Иристонæн дуйней иннæ бæстити хæццæ бастдзийнæдтæ ку фæззиндтæй, уæдæй фæстæмæ ин берæ зундгонд паддзахадон архайгутæ, ахургæндтæ, финсгутæ æндæр интеллектуалон къабæзти архайгутæ берæ хуæрзти бацудæнцæ. Уонæй адтæй Уæрæсей дзурддзæугæдæр ахургæндтæй еу, иранист, кавказæртасæг (фольклори дæсни, лингвист, этнограф, археолог) Всеволод Федори фурт Миллер. Е 1879-1886 æнзти дæргъи фондз хатти балций адтæй Иристони. Исахур кодта дигорон æма ирон æвзæгтæ, æма уой фæрци ин бантæстæй, адæмон исфæлдистади уадзимистæ æмбурд кæнгæй ин сæ адæмæй ка кæци æвзагбæл радзурдта, еци æвзагбæл сæ ниффинсун. Етæ геппи уагъд æрцудæнцæ хецæн киунугутæй: «Ирон этюдтæ» (1-аг хай рацудæй 1881 анзи, 3-аг хай ба – 1887 анзи), «Дигорон текст» (1902). 1891 анзи В. Миллер Штакельберги хæццæ еумæ немуцаг æвзагмæ тæлмацийæй рауагъта «Фондз ирон аргъауи дигорон диалектбæл».

Гъе уотæ, XIX æноси кæрони Иристони нæ маддæлон æвзагбæл фæззиндтæй киунугутæ. Уой размæ дæр нæхердигонау финст киунугутæ куд нæ цудæй, фал еци киунугутæн сæ медес фулдæр баст адтæй айдагъ дини хæццæ – А. Шифнер 1868 анзи, «Осетинские тексты», зæгъгæ, ке рауагъта, уой ку нæ нимайæн, уæд.

Всеволод Миллери киунугути аллихузи парахаттæй æвдист æрцудæй нæ адæми дзоргæ исфæлдистадæ: Нартæ æма Даредзанти кадæнгитæ, æгъдæутти хæццæ баст зартæ, аргъæуттæ, æмбесæндтæ, бацеу-бацеутæ… Ахургонд сæ ниффинста, адæм сæ куд дзурдтонцæ, уотæ, исаразта син наукон феппайуйнæгтæ. Цæмæдессаг æнцæ æ тæлмацтæ дæр.

Уæрæсей устур аргъгонд æрцудæй Миллери «Ирон этюдтæн»: еци кусти туххæй ин лæвæрд æрцудæй наукити доктори ном. Уруссаг географион æхсæнадæ ба ин исаккаг кодта устур сугъзæрийнæ майдан. Миллерæй дзурдтонцæ, зæгъгæ, дан, ирæнтти «байгон кодта» фæсарæйнаг наукæн.

Миллер нæ адæмæн берæ хуæрзти бацудæй, æ културон æма интеллектуалон царди райрæзти гъуддаги ин устур агъаз фæцæй. Уой фæрци ирон интеллигенцийæн æ зонундзийнæдтæ фæффулдæр æма фæббундорондæр кæнуни туххæй фадуæттæ зингæ фæуурухдæр æнцæ, уæдтæ сæ еци зонундзийнæдтæй царди медæгæ æнхæстдæр æма ахедгæдæрæй испайда кæнуни æ равналæнтæ фæппарахатдæр æнцæ, никки агъазиаудæр ба æ кусти медесæн е адтæй, æма нæ уæди интеллигенций минæвæртти зингæдæр хаййæн æ национ хелæдæрундзийнадæ е 'рдæгфунæйи уавæрæй райгъал æй, базмалдæй. Миллер Иристони уæди доги раззагдæр зундирахастбæл хуæст фæсевæди хæццæ архайгæй син фиццагидæр уой лæдæрун кодта, цæмæй се ʼргом фулдæр æздахонцæ хумæтæг зæнхкосæгмæ, уомæн æма адæмон дзиллити 'хсæн æнцæ, сæ адæмæн, сæ фидибæстæн æцæгæйдæр устур кадæ ка искæндзæнæй куд искурдиадæгин поэттæ, хузæгæнгутæ æма æндæр исфæлдистадон архайгутæ, куд техникон æма наукон косгутæ, уæхæн лæхъуæнтæ æма кизгуттæ.

Лæдæрун син кодта уой дæр, æма хумæтæги адæми 'хсæн фулдæр ке 'нцæ, æхсæнади ресагæдæр æма æнæмæнгæ лухкæнуйнаг фарстатæбæл арфдæр æма зæрдресгæдæрæй ка гъуди кæнуй, уавæр фæрræвдзæдæр кæнунбæл хъæбæрдæр ка тухсуй, уæхæн адæймæгутæ. Миллерæн Иристони устур кадæ адтæй, уомæ гæсгæ ба агъазгæнгутæ дæр берæ адтæй. Зæгъæн, ахурдзау биццеутæ хъæбæр байагъаз кодтонцæ æ ирон-уруссаг




немуцаг дзурдуат ку аразта, уæд, фæккастæнцæ имæ адæмон исфæлдистади уадзимистæ тæлмац кæнунмæ дæр. Миллер си уой туххæй хъæбæр боз адтæй. «Иристон син гъæуама сæ фæллойни туххæй армæйконд циртдзæвæн исæвæра», – финста е.

Всеволод Миллер ци æрмæгутæ æрæмбурд кодта æ иристойнаг балцити рæстæг, етæ хецæн киунугутæй дæр рацудæнцæ. Сæ зингæдæр æй «В горах Осетии». Еци киунуги берæ текститæ æнцæ дигорон æвзагбæл, æма си мах абони еуцалдæр мухур кæнæн (текстити орфографи ниууагътан, киунуги куд æй, уотемæй).

***Миллери киунугæ мухурмæ бацæттæ кодта нæ зундгонд ахургонд ХÆМИЦАТИ Тамарæ Алексейи кизгæ.***

## КУВД

Хуцау! Табу дæуæн, Хуцау! Нæ дуйней скæнæг! Нæ кувд дæуæн æхцæуæн фæуæд, æма нæ гъæуай кæнæ алли фидбилизæй. Мукалгабуртæ, дæуæн æхцæуæн фæуæд. Дæубæл фæдзæхст ан, æма нæ дæ дæлбазур бакæнæ, седзæрти. Коми дзиуæрттæн барст фæуæд: Уаскергийæн барст фæуæд; Коми Уаскергийæн æхцæуæн фæуæд; Хетæги Уаскергийæн æхцæуæн фæуæд; дæ бунти ни ка цæуа, уой багъæуай кæнæ. Санибайæн барст фæуæд, Санибай Уаскергийæн барст фæуæд; Арви коми дзиуарæн æхцæуæн фæуæд; Кенгу Уаскергийæн барст фæуæд; Тæтæртуппæн барст фæуæд; Хуари Уацеллайæн барст фæуæд; ке байтауæн, уой нин сæрæгасæй бахуæрун кæнæ æма нæ хуаргъæуагæ ма фæккæнæ. Алаурдийæн барст фæуæд. Идардмæ дæмæ ковдзинан, хæстæгмæ нæмæ ма æрцо æма нæ незæй багъæуай кæнæ. Никколайæн æхцæуæн фæуæд нæ кувд, æ Бунати Хецауæн æхцæуæн фæуæд; Сæризæдæн барст фæуæд. Хонхæй будурæй кæми ци рохс дзиуæрттæ йес, уонæн сенхуæцемæн дæр барст фæуæд.

Уотæ ма ци дзиуарæ загътайдæ: «Мæ ном мин ку æримистайдæ», – уомæн ба никкидæр æхцæуæн дæр фæуæд. Æз ковун нæ зонун: ковун ци Хуцау зонуй, йеци Хуцау, ду мæ бæсти сковæ!

– Уоммене! Ке ном иссердтай æма ди ка феронх æй, уонæн се ʼнккæтей хуарзæнхæ аци игъосгути фæуæд.

## ДУУÆ КЪУРУЙ

Еу къурумæ адтæй дæс сæгъи æма сæ дзæгъæл рауагъта хезунмæ. Ку æризæр æй, уæдта сæмæ рандæ ʼй агорунмæ. Йе уони берæ фæйагурдта, фал сæ нæ ирдта. Уæдта еу хумгæнæг лæгмæ бахъæрттæй æма имæ дзоруй:

– Байрайай, хуарз лæг!

Фал Хуцау уой дæр къуру разиннун кодта, æма имæ дзоруй:

– Аци галтæ дæр, лæхъуæн дæр мæхе æнцæ.

Йе ба бабæй имæ дзоруй:

– Абæлти сæгътæ рацæугæ некæми фæууидтай?

Йе ба имæ дзоруй:

– Аци кæндтитæ еугурæй дæр, уæдта ма уæртæ æнæкæндтитæ дæр ма уæртæ уой уалæнгæ мæн æнцæ, – зæгъгæ, ин æ къохæй раамудта æнæкæндтити еугурæй дæр.

Йе уотæ бангъалдта, ʼма кæд ин æ сæгъти уоми фæууидта, æма ин йе кумæти баамудта, уордæмæ уайун байдæдта.

Хуцау сæгътæ уоми разиннун кодта, æма сæ иссирдта, еу сæгъæ ба си къулух разиндтæй уотемæй. Къуру цæмæн нæ бацийнæ кодтайдæ æ сæгъти ирдбæл, æма разагъта: «Æндзерæггагæн мин йеци лæгæн аци къулух сæгъæ æнæ радттун нæййес», – æма сæгътæ, хуймон ка адтæй, йеци лæгмæ тæрунти фæцæй. Ку имæ æрбахъæрдтæй, уæдта имæ дзоруй:

– Хуцау дин раарфæ кæнæд, мæнæн мæ сæгътæ ка баамудта, нур ба дин æндзерæггагæн ба мæнæ аци къулух сæгъæ дæттун, – зæгъгæ, æ къохæй баамудта къулух сæгъæмæ.

Йе дæр имæ дзоруй:

– Хуцау куд, æз æй нæ басастон, уæдта дин æй уингæ дæр нæ фæккодтон æма дин къапекк дæр нæ бафеддзæнæн.

– Хуцау куд, æнæ райсæн дин æй нæййес, æндзерæггагæн, уомæй бабæй кæмæй боз дæ уæд, – зæгъгæ, бабæй имæ дзоруй, сæгъæ ке адтæй, йеци къуру лæг. Уотемæй æй йе дæтгæ кодта, иннæ бабæй æй, кæд мин æй федун кæнуй, зæгъгæ, комгæ нæ кодта, æма сæ кæрæдзей нæмун байдæдтонцæ. Уæдта бабæй имæ, сæгъæ ке адтæй, йе дзоруй:

– Мадта нур а Хуцауи дессаг нæй? Нур дин æз сæгъæ ку дæттун, мæ сæгътæ мин ке баамудтай, уæд æй цæмæн нæ йесис?

Иннæ дæр хъогъанцæ фелваста æма сæгъи сунтæн еу цæф фæккодта:

– Æз дин къапекк дæр нæ бафеддзæнæн, уой туххæн æма ин æ къах æз нæ басастон, нур ба дæхуæдæг дæр мæ разæй рандæ уо, кенæ ба дин дæуæн дæр мæнæ хъогъанцæй дæ сунтæ ниммора кæндзæнæн, æма уотемæй рандæ уодзæнæ уæдта – æма бабæй кæрæдзебæл ралæудтæнцæ æма, хуарз ку фæннадтонцæ сæ кæрæдзей, уæдта сæгъæ ке адтæй, йе рацудæй æма имæ дзоруй:

– Кæд мæ нæмгæ фæккодтай, уæддæр дин æй уадзгæ кæнун æндзерæггагæн.

– Хуцау куд, берæгътæ дин æй ку бахуæронцæ, уæддæр дин неци бафеддзæнæн, – зæгъгæ, ма имæ радзурдта йе дæр.

## ХÆМИЦАТИ ТАУРÆХЪ

Хæмиц фиццагидæр ами ниббадтæй æма Таусолтантæй кизгæ æрбахудта; уонæй устурдæр муггаг нæ адтæй Биаслантæмæ. Уæдта цæмæйдæриддæр сæ сиахси бафæливтонцæ. «Уæ сиахс уæ кизги уин косæг искодта: фагус хæссуй, сог æ рагъæй хæссуй». Сиахс Тасолтантæмæ куд фæццудæй балци, уотемæй ба ʼй рамардтонцæ, уæдта сæхуæдтæ ба æрбацудæнцæ: «Цæуæн нæ хуæри рахонæн!» Цирттæмæ куд исхъæрдтæнцæ, уотæ рарвистонцæ сæ хуæрæмæ, сæхуæдтæ гъæумæ нæбал исæндиудтонцæ.

Æрсæмæцудæй уордæмæ сæ хуæрæ: æ фæсдзæуинттæ æ къохтæбæл хуæцгæ, басмæхъти медæгæ, йефтонгæй – камариæй, сугъзæринæ æгънæгутæй, алцæмæй дæр йефтонгæй. Ку æй фæууидтонцæ, уæд сæхебæл фæххудтæнцæ.

– Ци ми кæнтæ, ме ʼрвадтæлтæ, – зæгъгæ, йе сæ бафарста, – нæ хæдзарæмæ уæлæмæ цæмæннæ исцудайтæ?

– Хуцау дин ма бакомæд! Дæ лæги дин йеске цъухæй рамардтан, – загътонцæ.

Йеци рауæн и уосæ æ кæрдæн æ ронæй фелваста:

– Æз ма ци хормæ цæудзæнæн? – зæгъгæ, æма æхе рамардта кæрдæнæй.

Дæлæ надбæл дууæ циртдзæвæни сæ æвдесæн. Йеу басастæй, иннæ ба ма æгас.

Дигорæ
Газет «ДИГОРИ» сæрмагонд уæлæфтауæн. Уагъд цæуй мæйæ еу хатт.
Æ дзуапдæттæг редактортæ ГÆТИЙТИ Светланæ æма ГИБИЗТИ Риагинæ.
Редакций адрес: 362015, сахар Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, мухури Хæдзарæ, 6-аг уæладзуг, тел. 25-22-56.